



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/13/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DISKOU ANVAN LI MACHE NAN PARAD NOUVO ANE LINÈ

Gouvènè a resevwa “Prim Gason Ane a pou Nouvo Ane Linè”

Byen bonè jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mache nan parad Nouvo Ane Linè nan Queens. Anvan parad la, Gouvènè a te pran lapawòl e yo te prezante l Prim Gason Ane a nan Nouvo Ane Linè a ki soti nan Asosyasyon Biznis Chinwa Flushing.

VIDEYO Gouvènè a kap pran lapawòl disponib sou YouTube [la](#) ak nan fòm kalite TV (h264, mp4) [la](#).

FOTO aktivite a ap disponib sou [paj Flickr](#) Gouvènè a ap disponib touswit apre.

Wap jwenn yon transkripsyon rapid sou diskou Gouvènè a anvan parad la disponib anba:

Mèsi anpil! Premyèman, pou Peter Tu, an nou ba li yon gwo aplodisman pou lidèchip li ansanm avèk tout bagay li fè. E pou Paul Yoo, an nou ba li yon gwo aplodisman – lap ede nou tou rete cho. E pou Liu Tee Shu, mèsi, mèsi pou sa li te fè. Asosyasyon Ameriken Koreyen nan Queens, Chanm Flushing, Asosyasyon Biznis Chinwa, nou remèsye yo tout anpil pou tout bon kalite travay yo. Jodia, nou di “An-nyeong-ha-sae-yo,” bonjou pou tout moun. E nou kontan anpil paske nou la pou selebre Nouvo Ane Linè a. E nou di “ho-nyen-gee-shee’ang,” bòn chans pou Ane Monkey a.

Sa a se yon selebrasyon Nouvo Ane Linè paske sa pa sèlman yon selebrasyon Queens, non sèlman yon selebrasyon Azyatik. Mwen te onore paske mwen te siyen an lwa yon lwa ki te di ke kounye a se yon jou konje ofisyèl nan eta New York. Nouvo Ane Linè a kounye a se yon jou konje ofisyèl e lekòl piblik yo ap fèmen nan lonè Nouvo Ane Linè e nan lonè kominote Ameriken Azyatik ak sa li vle di pou gwo eta sa a.

Parad sa ap montre tou ke yon dragon pa pè yon ti fredyè, e moun yo te tounen an fòs, e nou pral gen yon parad amizan. E mwen se yon gason ki soti nan Queens, kòm ou te tandè de Peter. Mwen te fèt nan Queens – Hollis, Queens, jis anba nan Union Turnpike. Mwen te ale nan Acheveche Molloy up sou Main Street.

E li se tankou yon plezi pou wè sa kominote Ameriken Azyatik te fè pou Queens. Enèji yo te pote, ekonomi yo te pote, kilti yo te pote – e Queens pifò pase anvan. Li

jeneralman yon sit touris entènasyonal, avèk anpil vizitè kap vini nan Queens.

E se yon jwa pou wè Kominote Ameriken Azyatik la fleri isit la nan Queens, fè New York vini yon pi bon eta. Paske sa se istwa New York. Moun yo soti toupatou pou yon chans nan opòtinite ak edikasyon pou l fè pati nan vil ak eta sa e yo fè vil ak eta vin pi solid. E kominote Azyatik la se yon bèl egzanp de sa.

Alòs bon ane pou nou tout. Mèsi Peter pou gwo prim sa a. Se plezi m pou dirije parad sa ane sa a. An nou mache! Mèsi.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418